Теплъэгъуищ, гъащIэ псо къызэщIаубыдэу

2-нэ нап.

Псым дыдзэхихыр пэж?

2-нэ нап.

Краснодар адыгэхэр щызэхохьэ

3-нэ нап.

Зэманым поджэж

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№30 (24.468) • 2023 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 16, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

Усыгъэр зыхащIэу

4-нэ нап.

Иужьрей махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек муниципальнэ щIыналъэ зыбжанэ къызэхикIухьащ икIи абыхэм хиубыдэ жылагъуэхэм я лIыкIуэхэм, лэжьакIуэ пэрытхэм яхуэзащ. ЗэIущIэхэм къыщапщытэжащ лъэпкъ проектэр гъэзэщIэныжькIэ иужьрей илъэсхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къарикIуэхэмрэ зэман гъунэгъум къыриубыдэу къэувыс къалэнхэмрэ.

Бахъсэн муниципальнэ щIыналъэм

ЗэIущIэр къыщыхэзыухым КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым, Бахъсэн районым щыщу дзэ операцIэ хэхар ещанэкIэ щIыхь пlыгъ я къалэнхэр щIыхь пlыгъ ягъэзащIэ. Сэ а щIалэхэм си щхьэкIэ сахуоз икIи ахэр зыгъэса щIыналъэм, адэ-анэм яхуэгъэзауэ командирхэм жаIэ фIыщIэ псалъэхэр зэхъуэх.» Дзэм щылэ-сту къулыкъу щызыщIэхэм, абыхэм я унагъуэхэм яхуэфэщэн гулъытэ зэрыхуащIым папщIэ республикэм и Iэтащхьэм районым щыпсэухэм фIыщIэ яхуищIащ. Абы къыхигъэщхьэкIащ апхуэдэ лэжьыгъэр къэбгъэтIасхъэ зэрымысынур.

Бахъсэн муниципальнэ районым къэкIуэну зэман гъунэгъум къыпщыщт къалэнхэм щытепсэлъыхьым КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхуэкIащ: «Дэ кIуачэ щIыналъэхэм зэрызэужыщ щIэдгъэхуэфбжьну, абыхэм лэжьапIэ IэнатlэщIэхэр къыщыздгъэпэщыну къыптпащIыту. Урысейм и Президентым ди пщэ къызэрырилъхьам тету, иджыпсту 2023 гъэм едгъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэр дгъэтэмэмыжьну Iэмал диIэщ».

Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур зэIущIэм хэтахэр щыгуаззэ ищIащ, иужьрей илъэсищым екIуэкIа лэжьыгъэхэм. А зэманым Кубэ кIуэужьи щкольныIэ дащIыхьащ, нэхъ япэIуэкIэ ХьэтIохъущыкъуей кIуэужьм щхьазбзэмкIэ унэ, Псыхъурей кIуэужьм щIыналъэхэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ комплекс къыщызэIуахащ, Къулъкъужьи Ищхьэрэ кIуэужьм гъэзаджэмкIэ и сабий щколыр кIаГъэщIэрэщIэжащ. Апхуэдэу щэнхабзэкIэ унэу 7, щколхэм я спорт залу 10 зэрагъэпэщыжащ, зи ныбжьыр илъэси 3-м щIимыгъуэ сабийхэр щагъэсэну Iуэхущ1ап1э 5 къызэIуахащ, Гулъытэ хэха хуащIащ жылагъуэхэр зэфэну псыкIэ къызэрызэрагъэпэщыр егъэфIакIуэным. Псы зрикIуэ бжьамийуэ зэрахъуэкIахэр, щIэуэ яукъуэдияхэр километр 55,5-рэ мэхъу.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм къиГъэлъэгъуащ 2023 - 2024 гъэхэм зэфIагъэкIыну зыщыгугъ Iуэху нэхъыщхьэхэри. Абыхэм япкъ иткIэ щIагъэхуэбжьауэ елэжьнущ цIыкуэхэм я псэукIэр егъэфIакIуэнкIэ нэхъыбэу зэпытэ Iэнатlэхэм я инфраструктурэм зегъэужьыным. Псыхъурей кIуэужьм щэнхабзэкIэ унэ къыщрагъэжьэнущ, псыр бжьамийкIэ щызэбграшынущ, сабий садыр капитальнэу щызэрагъэпэщыжынущ. Апхуэдэ зэпытэ гъэзадж щрагъэкIуэкIынущ. ИсЪъэмей кIуэужьм дэт щэнхабзэкIэ унэмэ. Узыншагъэр хъумэным и пэублэ Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжыныжькIэ программэм хиубыдэу Къулъкъужьи Ипщэ кIуэужьм и амбулаторэр зыхуей хуагъэзэнущ, Куба-Таба кIуэужьм апхуэдэ Iэзэхущ1апIэщIэ дащIыхьынущ. Зэман кIэщIым кIуриубыдэу хьэзыр хуэхуей Куба кIуэужьм щащI амбулаторэр.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэриратмкIэ

Къуажэдэсхэм хуащI гулъытэм хохъуэ

Гъэзгу лэжьыгъэхэм хиубыдэу мыгувэу зэфIагъэкIын хуейщ Зеикъуэ - Туфкарьер - Дыгъэмыхъуэ автомобиль гъэзгум хиубыдэу Бахъсэн псым тетI лъэмыжыр зэгъэпэщыжынырэ. Ислъамей кIуэужьм Чыпым и цIэр зезыхьэ уэрамдыхьэр егъэфIакIуэныр. Апхуэдэу Псыхъурей КIэтхъэным и цIэр зезыхьэ и уэрамым лъэс зекIуапIэ щауэкъуэдиинущ, Куба-Таба - Мыекъуэжьин Ипщэ, Куба - Псыхъурей - Крем-Константиновскэ автомобиль гъэзгуэр техникэ мардэхэм кIуикIыу зэрагъэпэщыжынущ. Мыгувэу Бахъсэн районым и жылагъуэ зыбжанэ псыкIэ къызэзыгъэпэщыну ухуэныгъэм щIадзэнущ, Куба кIуэужьм и псы кIыщIэшыпIэ къэзыр ящIынущ, Къулъкъужьи Ипщэмрэ Къулъкъужьи Ищхьэрэмрэ псы кIэбзэкIэ къызэзыгъэпэщ бжьамийкэр зыхуей хуагъэзэнущ.

Май муниципальнэ щIыналъэм

Зи чэзу Iэхуэхэм ятеуха псалъэмакъым илъэкIыжу КIуэкIуэ Казбек Май районым исхэм фIыщIэ яхуищIащ дзэ операцIэ хэхар езыгъэкIуэкI зауэлIхэм, абыхэм я унагъуэхэм яхуэфэщэн гулъытэ зэрыхуащIым папщIэ. «ЗэущIэгъуу евгъэкIуэкI апхуэдэ лэжьыгъэм ди щIалэхэм папщIэ икъуикIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Ахэр щIыхуэхэм я псэукIэ тэмэмым щIобэн икIи абыхэм текIуэныгъэ къызэрахьыным щэч къытетхьэркъым. Хэку зауэшхуэм хэта ди адэшхуэхэми хуэдэу, а щIалэхэм ди къаралым и къэкIуэнур яхъумэ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек. Абы къыхигъэщхьэкIащ псом хэмыдэу нобэ дзэм щыIэхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэныр нэхъыщхьэ дыдэу зэрырыстыр.

Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Саенкэ Татьянэ ищIа докладым зэпкърыхауэ къыщигъэльэгъуащ щIыналъэм щекIуэкI лэжьыгъэхэр. Муниципалитетым и зэфIэкIыр хуеунэтI лъэпкъ проектэр, федеральнэ, щIыналъэ программэхэр гъэзэщIэрэщIэжыныжькIэ программэм хиубыдэу КIуэлъкIуэжьи Ипщэ кIуэужьм и амбулаторэр зыхуей хуагъэзэнущ, Куба-Таба кIуэужьм апхуэдэ Iэзэхущ1апIэщIэ дащIыхьынущ. Зэман кIэщIым кIуриубыдэу хьэзыр хуэхуей Куба кIуэужьм щащI амбулаторэр.

Гъэзгу лэжьыгъэхэм хиубыдэу щIимыгъуэхэм ящыщу дэтхэнэ ми 40 зэкIуэлIэну Iэхуущ1апIэу тIу, стадион, спортым дихьахэм папщIэ гъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, Май кIалэм, Ново-Ивановскэ кIуэужьм я щколхэм папщIэ спорткомплексхэр, Октябрьскэ кIуэужьм, Майскэ кIалэм щыщу унэ кхъахэхэм щыпсэуэхэм папщIэ фэтэр куэд хъу унэу щы къызэIуахащ. Капитальнэу зэрагъэпэщыжащ Майскэ кIалэм и курыт еджапIэу тIу, Ново-Ивановскэ кIуэужьмрэ Александровскэ станицэмрэ щэнхабзэмкIэ унэхэр, Котляревскэ станицэм гъэзаджэмкIэ и сабий школыр, район сымаджэщым и сабий поликлиникэр. УнафэщIхэм я нэIэ трагъэтIащ инфраструктурэ зыужьыныгъэм. Зы сутэкм псы фIейуэ кубометр 2500-рэ зыгъэкъабзэ Iуэхущ1апIэщIэ Майскэ кIалэм къыщызэIуахащ, Майскэ кIалэмрэ Александровскэ станицэмрэ я хьэлэ щхьэхуэхэм псы зрикIуэ бжьамийуэ километри 10,3-рэ щауэкъуэдиящ. Цыхухэр унэ ныкIуэкъутэхэм къыщIэгъэIэпэхъуэкIыныжькIэ программэм ипкъ иткIэ псэупIэщIэхэр ираташ фэтэр куэд хъу унэу 18 зэрагъэпэщыжащ, хьэблэ щхьэхуэхэм хиубыдэ пщIантIэу 44-рэ, цыху куэд щызэхуэс щIыпIэу 11 зэIузэпэщ ящIащ. Районым и гъэзгухэм ящыщу километр 60-м щIигъу зэрагъэпэщыжащ, километри 10-м уэздыгъэхэр щыфIадзащ.

ДыдзыхэкIуэ илъэситIым къриубыдэу техникэ мардэхэм кьезэгъыу зэрагъэпэщыжынущ Майскэ - Заречнэ - Ново-Ивановскэ автомобиль гъэзгурэ абы тель лъэмыжымрэ, апхуэдэу Право - Урванскэ - Красная Поляна, Ново-Ивановскэ кIуэужьхэм дыхьэ гъэзгуэр. УхуэкIуэхэм кьапэщIытщ Майскэ кIалэмрэ Александровскэ станицэмрэ я школыщIэхэр, Октябрьскэ кIуэужьм и фельдшеракушер пунктыр къарагъэжьэну, районым и щколхэм ящыщу тху капитальнэу зэрагъэпэщыжынущ. Иджыпсту цIыхухэр щIэс мыхьэжьыну кьалытауэ фэтэр куэд зыхэт унитку районым щыIэщи, абыхэм щыпсэу унагъуэхэр ягъэIэпэхьэну кьапэщIытщ. Апхуэдэу зыщагъэгъупщэркъым жылагъуэ щыналъэхэр, фэтэр куэд хъу унэхэм я пщIантIэхэр зэIузэпэщ ящIын, псы зрикIуэ бжьамийкэр къэгъэщIэрэщIэжын зэрыхуейр.

Зэ1ущ1эм къызэрыщагъэлъэгъуамкIэ, Май муниципальнэ районым и щIыналъэм иджыпсту щолажь инвестицэ проект ину 7-м. Абыхэм ящыщу быдымылымрэ джэдкъазылымрэ елэжьыну Iуэхущ1апIэр, Iэщ комплексыр, бдзэжьейр щагъэлъэхъуну хозяйствэр. Апхуэдэу утыку кхрахьащ щIалэгъуапIэ центр къызэгъэпэщыным, спортым и инфраструктурэм зегъэужьыным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэр къэгъэщIэрэщIэжыным, бюджет Iэнатlэм щылажьэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным пыщIа Iуэхуэр.

Аруан муниципальнэ щIыналъэм

ЗэIущIэм и пэщIэдзэм КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхуэкIащ дзэм къулыкъу щызыщIэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэIэпэкъуныр иджыпсту нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр. Республикэм и Iэтащхьэм Аруан районым исхэм фIыщIэ яхуищIащ а Iуэхум и лъэныкъуэкIэ жыджэрагъ къызэрагъэлъагъуэм, хахуэу зи къалэнхэр езыхьэкI икIи Урысейм и суверенитетыр зыхъумэ щIалэхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыну папщIэ.

Лъэпкъ проектэр гъэзэщIэныжькIэ иужьрей илъэсищым зэфIагъэкIахэмрэ 2023 - 2024 гъэхэм къапэщытхэмрэ щызэпкърахым КIуэкIуэ Казбек къыхилъхьащ 2024 гъэм и проектэр нэхъ пасэу гъэзэщIэныжькIэ ЩIыIуэ УФ-м и Президент Путин Владимир утыку кхрихьа жэрдэмыр къэлыгатуэ, а лъэхъэнэм тещIыхьа лэжьыгъэхэр щызэфIагъэхьыну пIалъэхэр яГъэтэмэмыжьну.

Районым щекIуэкI лэжьыгъэхэр зэпкърыхауэ кьиГъэлъэгъуащ Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Ажий Валерэ. Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщу Псынабэрэ Нарткъалэрэ щкольныIэхэр, Шэрэдж Ищхьэрэ амбулаторэ щыщIыныр. УхуакIуэхэм кьапэщытщ курыт еджапIэу 9, амбулаторэу 3 капитальнэу зэрагъэпэщыжыну. Мы илъэсым кIуриубыдэу къызыхуэтынщIэу зыхуей хуагъэзэнущ район сымаджэщым и поликлиникэр. Къуажитхум дащIыхьынущ ГТО-м и мардэхэр тыным зыщыхуагъасэ гъуэхэр. Нарткъалэ щIалэгъуалэ центр къыщызэIуахынущ. Апхуэдэу кьалэ паркыр, пщIантIэхэм ящыщу куэд зэIузэпэщ ящынущ. ЩIыхуэкIэ я зыгъэпсэхуIэхэр къыщызэрагъэпэщынущ Шэрэдж Ищхьэрэмрэ Мэрзэхъурэ.

Ажий Валерэ зэIущIэм хэтахэр щыгъуазэ ищIащ блэкIа илъэсхэм ягъэкIа Iуэху зыбжанэхэм. Абыхэм ящыщщ сабийуэ 500 зэкIуэлIэну курыт школ нэгъабэ Нарткъалэ къызэрыщызэIуахар. Илъэсищым кIуриубыдэу районым щIэуэ щащIащ е щызэрагъэпэщжащ щэнхабзэм и Iуэхущ1апIэу 7, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм папщIэ Iуэхущ1апIэу 3, курыт еджапIэу 5, спорт залу 7. Къэна адрей школхэри ягъэува пIалъэхэм нэхъ нэхъ пасэу зэгъэпэщыжын яухынущ. А зэман дыдэм кьриубыдэу щыIэ мардэхэм кьеззгъыу зэрагъэпэщыжащ автомобиль гъэзгуэ километр 50. КъэкIуэну илъэситIым кьриубыдэу зыхуей хуагъэзэнущ Налшык - Майскэ, Старэ Шэрэдж - Чернэ Речкэ, Нарткъалэ - Къэхъун - Правоурванскэ автомобиль гъэзгуэр, Старэ Шэрэдж, Чернэ Речкэ, Мэрзэхъу, Шыгъэлэ къуажэхэм я дыкъэпIэхэр, апхуэдэу Нарткъалэ и Къэбэрдей уэрамыр.

Республикэм и Iэтащхьэр Аруан районым и жылагъуэхэм я лIыкIуэхэм ечэнджащ дзэм иджыпсту щыIэхэм я унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, мэжьмэш хозяйствэм, гъэзгухэм зегъэужьыным, псы зрикIуэ бжьамийкэр зэхъуэкIыным, бюджет Iэнатlэм щылажьэхэм я улахуэм хэгъэхъуэным щыIэ ирилъхьащ лэжьыгъэхэр щагъэзэщIэну пIалъэхэмрэ абыхэм я фIагъымрэ зэпымыууэ я нэIэ трагъэтIну. Апхуэдэу тепсэлъыхьащ кьалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ кьабзэпльабзагъэм, жылагъуэхэм хиубыдэ щIыналъэхэмрэ гъузгубгъуэхэмрэ зэрагъэкъабзэр егъэфIакIуэным.

Муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэм йопсалъэ

Республикэм и щIыналъэхэр къыщызэхикIухым КIуэкIуэ Казбек Бахъсэн районым и муниципалитетхэм я администрацэм я унэм щызэхуиIэсащ КъБР-м и муниципалитетхэм я администрацэм я Iэтащхьэхэр.

ЗэIУЩIЭР теухуауэ щытащ лъэпкъ проектэр, федеральнэ, республикэ программэхэр гъэзэщIа зэрыхъум. Илъэситу къэрал, муниципальнэ контрактхэр зыхуэфащэхэм иращIылIэ дэтхэнэ уэрыныгъэм ехьэлIа подряд лэжьыгъэхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ. Республикэм и унафэщIым муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ ирилъхьащ лэжьыгъэхэр щагъэзэщIэну пIалъэхэмрэ абыхэм я фIагъымрэ зэпымыууэ я нэIэ трагъэтIну. Апхуэдэу тепсэлъыхьащ кьалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ кьабзэпльабзагъэм, жылагъуэхэм хиубыдэ щIыналъэхэмрэ гъузгубгъуэхэмрэ зэрагъэкъабзэр егъэфIакIуэным.

Наркотикым зэрыпэщIэтыну щIыкIэр ягъэбелджылы

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIащ КъБР-м Наркотикым пэщIэтыныжькIэ и комиссэм и зэIущIэ. Абы къыщалэтащ хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зэзыгъэкIуэкIхэм я IуэхуфIыныжьмрэ наркоманием щыхъумэныжьмрэ упщIэхэр.

ЗэIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу КИФШI-м щыIэм и аппаратым къыбгъэдэкIыу КъБР-м и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, республикэм и Правительствэм хэтхэр, муниципалитетхэм, хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ-кIэлыплъакIуэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр. Ар къыщызэIуихым КIуэкIуэ Казбек жиIащ комиссэр УФ-м и Президентым и унафэкIэ яГъэува, 2023 гъэ пщIондэ кьызэщIэзыубыдэ, Урысей Федерацэм наркотикым пэщIэтыныжькIэ и къэрал политикэм зегъэужьыныжькIэ стратегием тету зэрылажьэр. «Наркотикым пэщIэтыныжькIэ республикэм щытыкIэр щызэпIэзэрытщ, апхуэдэу щытми, наркоманием земыгъэубгъуныжькIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр адэкIи егъэфIакIуэнущ. Абы и лъэныкъуэкIэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэм я бжьыгъэракъым щIэхэм иращIылIэ дэтхэнэ уэрыныгъэм ехьэлIа подряд лэжьыгъэхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ. Республикэм и унафэщIым муниципалитетхэм я Iэтащхьэхэм я пщэ ирилъхьащ лэжьыгъэхэр щагъэзэщIэну пIалъэхэмрэ абыхэм я фIагъымрэ зэпымыууэ я нэIэ трагъэтIну. Апхуэдэу тепсэлъыхьащ кьалэхэмрэ районхэмрэ щыIэ кьабзэпльабзагъэм, жылагъуэхэм хиубыдэ щIыналъэхэмрэ гъузгубгъуэхэмрэ зэрагъэкъабзэр егъэфIакIуэным.

Наркотикым пэщIэтыныжькIэ политикэ стратегиер зэрагъэзащIэм теухуауэ къэпсэлъащ КъБР-м щыIэ МВД-м и министр **Павлов Василий**, республикэм хэзыщагъэр хъумэныжькIэ и министр **Къалэбатэ Рустам**, УФ-м и УФСИН-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и кIуэдзэ **Къанкъул Хьэчим**, КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и Секретарым и кIуэдзэ - КъБР-м Наркотикым пэщIэтыныжькIэ и комиссэм и аппаратым и унафэщI **Шевченкэ Юрий** сымэ. Абыхэм кьыхагъащIащ наркоманием зиубгъуныжькIэ, наркотикюгр зэгъэкIуэныжькIэ иджыпсту хьыбарегъащIэ зэIэпыхьпIэкэр жыджэру кьызэрагъэсэбэлъэр. Апхуэдэуи и гугъу ящIащ наркотикым диныжьхыныжькIэ нэхъ шынагъуэу кьалъытэ гупым хьыхь, балигъыпIэ имыува ныбжьыщIэхэм щхьэхуэу псалъэмакъ щхьэпэхэр ядегъэкIуэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэм икIи кьагъэлъэгъуащ ведомствэхэм я зэдалажьэныгъэр егъэфIэкIуэныжькIэ зэфIэгъэкIыпхъэ Iуэхуэхэр.

Зытепсэлъыхьа Iуэхум теухуауэ унафэ пыухыкIахэр кьащтащ зэIущIэм и кIэм.

Быф Анатолэ къратащ Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и Фыщ1э тхылъыр

Урысей Федерацэм законхэр къыдэгъэкIыныжьмрэ парламентаризмэм зыщегъэужьныжьмкIэ бгъэдэлъ фIыщIэм папщIэ Парламентым и ищхьэрэ палатэм и спикер Володин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, Ставрополь крайм, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм къабгъэдэкIыу Къэрал Думэм и депутату хаха, Мыпльку, щIым, мыпльку зэхущытыкIэхэм я Iэхуэкъуэ Къэрал Думэм и комитетым хэт Быф Анатолэ къратащ Къэрал Думэм и УнафэщIым и Фыщ1э тхылъыр.

Къэрал Думэм и Унафэщ1ым и Фыщ1э тхылъыр лэжьыгъэм кьыгъэзэрыщIэхэжьыкIам и щIыхьэт ведомствэ дамыгъащ икIи ар ират Къэрал Думэм законхэр къыдэгъэкIыныжькIэ иригъэкIуэкI лэжьыгъэм, Урысей Федерацэм парламентаризмэм зыщегъэужьныжьмкIэ хэхауэ къыщIэхэжьыкIахэм. Быф А. Ж. нэхъ япэкIэ, 2019 гъэм, кьыхуагъэсфащауэ щытащ Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и ЩIыхь тхылъыр.



**«Цыхуфэр Іувщ, и гур лъащІэнэшэщ»... Куэдрэ зэхьдох мы псалъэхэр, зыгуэрым къытепсыха гуаэр, е апхуэдэм и гум щыізэрігъэзахуэ гупсысэ эхьалъэхэр къырыгарэлъагъэуэ. Ауэ къохьу гуаэмрэ гуІэмрэ щыз ящІа гум и узыр щыхуфэми щыхущІэмыхьымэ. Апхуэдэт Гъэутыжхэ Мурат Рэмрэ Аз гуаэр - я къуэ закъуэ Аз гуэмэ гуэзу дунейм зэрехьжар. Ар къыізэрыпІуэтэфын псалъэ зы бзэми зэхтхьым, Іэмал гуэрэ щыізкъым. Сэри абы сыпэлъэщынукъым, илъэс 25-кІэ журналисту сылэжьами. Стхьжьыну сызыхуейр Къэбэрдей-Балъкъэр къэралыр университетым адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и кафедрэм и лэжьакІуэхэм ди Іэгум къихьукІа адыгэлі хахуэм теухуа теплъэгъуищ къудейщ, сэ езым си нэгу щІэкІауэ, ауэ гъащІэ псо я ныбжьу.

Ялэ теплъэгъуэ. 2006 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм и кІэухкъэм дежт. Дунейр нурт. И Іэпэр иІыгъыу Аз эмэт щІыкІу Марьянэ университетым къэкІуат. Сабийм псори дунежьащ, дыхуогуфІэ, хэт сыт хуэдэ Іэфыкі Іыгъми хуеший. Езыр укІытауэ йопльых, зы льэдакъэпэр пыпІытІыкІа сандал цІыкІымкІэ пэш льэгум йопощэщыхь. Сэри ящІу ящІыщІыхьа цІыкІым сом гуэр хузоший:

- Морожнэ къэщэху, си щІалэ!

- Хьэу, - жи, и щІэкъэ къызэримыІэтым хуэдэу. - Марьянэ Іисэхунус, школ формэ Іисэхунус...

Зы тхьэмахуэ хуэдэ дэкІаУ Аз эмэт аргуэру къытхуэкІуащ, и анэм и Іэпэр иІыгъыу. Марьянэ и къуэр «Дыгъэ цІыкІу» школ-гъэсапІэм къриІыщІыжыт. Иджы ди пащхьэ къытт школ фащэр зэкІупс, зи туфІэ фІыщІэр къызыщІыщхуам. Езы еджапІэм ей дыдэм хуэдэ!

Марьянэ къыбгуфІэ сабийр псоми къытхэзгъапэт... насыпыфІэт. Абыхэм я щІалэ багъ къыдэтт Мурат, пыгуфІыкІыу.

Марьянэ щІэх-щІэныуэ и къуэм и гугъу къытхуищІырт - езыри гуфІэрт, дэри дыщыгуфІыкІырт щІалэм и ехьулІэныгъэхэм. Апхуэдэу ильэситыр ежэкІри, Аз эмэт школинтернатыр фІы дыдэу къиухат. Абы къыкІэлъыкІуащ уцІэтІысхьэну егъэлеяуэ гугъу, конкурсышхуэ зэдэщІы ед жапІэр - Маргелов В. Ф. и цІэр зэрихьэу Рязань дат хьэуа-десант команднэ училищэ нэхъыщхьэр.

ЩІалэр псынщІэу хэзэгъащ зыхьхьа гупым, и ныбжьэгъуэхэм, егъэджакІуэхэм, командирхэм фІыуэ закъриІэнэхъуащ. Зы ильэсым (2017) кІэрибыдэу фІыуэ зэреджэм, дзэ къулыкъум ящІэзэрыхэжанымкІым папщІэ Аз эмэт тІэунэфІэ къратащ еджапІэ нэхъыщхьэм и щІыхь тхьилъэр. 2018 гъэм абы къыхуагъэфащащ Текіуэнэ-гъэм и махуэм Москва и Утыку ПлъыжьыщІ щекІуэкІыну парадым хэтыну, абы теуху щІыхь дамыгъэр.

2021 гъэм Гъэутыжь Аз эмэт диплом плъыжькІэ къиухащ еджапІэ нэхъыщхьэр, лейтенант цІэри къысфащащ. Абы иужькІэ кІэщІу лейтенант щІалэр дзэ къулыкъур щриІэхькІыну Новороссийск ягъэкІуащ.

ФІыуэ еджа ныбжьыщІэр гугъу демыхьу ecaщ зыпэрыуа Іэнатіэм. Адэ-анэми я гур нэхъ зэгъат, Аз эмэт щІэх-щІэныуэ къэпсалъэт, пІалъэ гуэр къыхудэкІамэ, хуэхьэсыжыр адэ-анэр, и благъэ-Іыхьлыхэр иІыгъуат. Иджы Марьянэрэ Мурат я хуэпсапІэр зыт - щІалэр унагъуэу гъэтІысыжьыныт. Ауэ уэ уи гугъэм хуэдэу Іуэхур хъуэ щыгтамэ... 2022 гъэм и мазае мазэм и кІэм Украинэм щыщІидзащ зауэ операцэ щхьэхуэм.

Аз эмэт лэжьыгъэм зэрыпэрыувэрэ зы илъэс ирикъуатэкъым, хуитт къэнэну. Ауэ адыгэ щІалэм и напэ хутегъэхуакъым. Хэкур къыщедджэм къикІэутэкъыну е зитэпщІыкІыну. Ар ящІыщу ягъэ Украинэм кІаухэм. Аз эмэт и ужь иту зауэр щекІуэкІ щІыпІэм ирадджащ Мурат...

Адэмрэ къуэмрэ зэрыльэгъуртэкъым. Аз эмэт зыхэтыр гуп щхьэхуэти, пыщІэныгъэ льэпкъ хуаІэ хъуртэкъым, Мурат ззззмызэ къэпсалъэрт. Мазищым нэблагъэкІэ и къуэм и щхьэгъэ анэм ящІакъыи. Дэ тІыгъурт Марьянэ и псэм телъ бэлъхьыр зихуэдизыр, зыщІыпІэкІэ «цырхь» кІыиуКІамэ, абыкІэ даІуэ зэпыту, и псэр дзапэкІэ зэрихьэу псэурт. Сэри си лэжьыгъэм сельэуат Марьянэ и кафедрэм щІэсу зауэ хъыбар ямыщІыну. Апхуэдэу екІуэкІыурэ я контрактхэм я пІалъэр къэсаУэ яхъуэж языныкъуэ зауэлІэм Новороссийск къагъэзэжу хуежащ. Абыхэм ящІащ зым Марьянэ телефонымкІэ къыхуитхащ: «Гъэутыж Аз эмэт псэущ, узынІэщ, хуэпащ, и ныбэ ягъэныкъуэркъым». Дуней гуфІэгъуэ иІэу Марьянэ къыІэрыхьа хьыбар кІэщІ цІыкІур и хьыжІэкъэн, дэрэ дигъэгуфІащ. ИужькІэ Аз эмэт и Іуэху зытетыр щІэх-щІэныуэ анэм къыщІэрыхьэ хъуащ, телефонкІэ адэмрэ къуэмри зыІэзэпащІащ.

Апхуэдэ хъыбар гуфІэгъуэт Аз эмэт лейтенант нэхъыжь цІэр къызэрыфІащар. Абы къыкІэлъыкІуащ «Хахуагъэм папщІэ» медалыр, гвардием и лейтенант нэхъыжь цІэр. Зи ныбжьыр илъэс 24-рэ мыхъуа адыгэ щІалэр 3-нэ парашют-десант ротэм и командирым и къуэдзэу ягъэуващ. Мазэ хуэдиз дэкІри, Аз эмэт дзэ къулыкъумкІи драгъэкІуэтещ: ягъэщІыкІэ 3-нэ парашют-десант батальоным и командирым и къуэдзэу, ИужькІэ ВагъуэПлъыжь орденэзыхьэ 108-нэ Кубань къэзакъ гвардейскэ десант-егъгъэрыкІуэ полкым и командирым и къуэдзэ къулыкъуэр къыхуагъэфэщащ.

Мази 8-кІэ зэуапІэ Іэнатіэм парыта щІалэр пІалъэ кІэщІ-кІэ къауТІыпщыжри, я деж къэкІуэжат. Ауэ ПащІэрт игъэзэжьну, зэрысыри зытепсэльыкьри къигъэна и ныбжьэгъуэхэрт. ЖиІэрт езым нэхъыжь зэрахэмытыр, и унафэм ахэр къаззэрыхуэныкъуэуэ. И анэми щхьэу къыжриІат «ЛІыхъужьныгъэ орденыр къратыну командованием тхьилъ зэрагъэхьэзырар.

Ещанэ теплъэгъуэ. 2023 гъэм щІышылэ мазэм и 23-т. Дунейр уфат, уафэр кьеГъыхьырт. Гъэутыжхэ Аз эмэт и жэнэзыщІым хэтыну къызэхуэсахэр пщІантІэм дзхуэртэкъым, уэрамри яуфэбгъуат. Абыхэм яхэтт къэрал унафэщІхэрэ, зауэлІхэри, Аз эмэт дзэ къулыкъур щриихьэкІа Новороссийск къикІа ЛІыкІуэхэри. ЖэнэзыщІым хэтхэм яІуатэрт щІалэ лІыхъужьхьи и кІуэдыкІам теухуа хъыбар кІапэльапэхэр. ЗэрыжаІэжьмкІэ, ар тІасхъэщІэх кІуат, гуп и ГъусэУ. Губгъуэм кІуэцІрыкІри, псы Іуфэм нэсауэ зыгуэр зыхэкІиящ: «ПІагъыМ» - жиІэІри. Аз эмэт псынщІэу унафэ яхуищІащ зырызурэ къызэрыкІуа лъагъуэмкІэ, зым и лъэмбым адрейр ивэурэ икІуэтыжьнхэу. Унафэр псынщІэу ягъэзэщІащ, шынагъуэм зауэлІхэр хьэришащ, ауэ езыр ажалым тетт...

Новороссийск къикІа дзэ къулыкъущІэм Аз эмэт теуху-ауэ фІы куэд жиІэрт, «ЛІыхъужьныгъэ» орденри пхъунатэ щІыкІэм къыдихауэ щІалэм и адэ-анэм яхуищІащ. Зыри зыхэзыныкъуэ щІэж анэр щытт, абы и щІыбагъ къыдэтт гуауэм зэблІиІуэнтІыкІа адэр, ауэ Аз эмэт ягъэсэжтэкъым. Дунейр къеГъыхьырт... Псори насыпныкъуэт - гъатхэпэм и 15-м Аз эмэт и ныбжьыр илъэс 24-рэ ирикъуну арат...

«Ей, дунеижьурэ зи лъабжьэр мыф!» - жиІэташ адыгэ усакІуэ щІэрыІуэ ПащІэ Бэчмырзэ. Ти ЗыфэщІэ усакІуэм абыкІэ жиІэну зыхуеор, ар куэду къыбгурыІуэ хъунуц. Ауэ мы псалъэхэр пэжмэ, дэнэ зэдэщІэр гугъапІэр?!

... Иджы куэд мыщІауэ Марьянэ и сайтым къыфІохьауэ слъэгъуащ мы псалъэхэр: «Къыхьхь, ди щІалэ цІыкІу, щІэх-щІэныуэ уи адэ-анэм я пщІыхьым...»

ТІЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,
филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и адыгэ кафедрэм и унафэщІ, профессор.

Теплъэгъуищ, гъащІэ псо къызэщІаубыдэу

«ЛІыхъужьныгъэ» орденыр зыхуагъэфэща адыгэ щІалэ Гъэутыж Аз эмэт и фэеплъу

● Дызэкъуэту

кІи школ-интернатым щІэтІысхьэну къекІуэлІэжьэм драгъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм ехъулІэныгъэкІэ пхыкІа Аз эмэт еджапІэм зэрыригъэблагъэ тхьилъэр къыхуэкІуат. Гъэзэгу теувэну щІалэм сэлам къыдихьжьыну кафедрэм къыщІыхьат. Иджы ди пащхьэм сытт зауэлІ фащэ кІэ зыщыгъ щІалэ псыгъуэ кІыхь щІыкІыр. ЛэжьапІэм щыІэхэр ныбжьыщІэм дехъэхъэщ, псалъэ гуапэ жеІащ. Сэри къыпльэощэ:

- Сытуи ущІалэ екІу, уи фащэри сыту дахащ!

- Уей, Марьянэ къысхуищІэхуам. Езы еджапІэм ей дыдэм хуэдэ!

Марьянэ къыбгуфІэт сабийр псоми къытхэзгъапэт... насыпыфІэт. Абыхэм я щІалэ багъ къыдэтт Мурат, пыгуфІыкІыу.

Марьянэ щІэх-щІэныуэ и къуэм и гугъу къытхуищІырт - езыри гуфІэрт, дэри дыщыгуфІыкІырт щІалэм и ехьулІэныгъэхэм. Апхуэдэу ильэситыр ежэкІри, Аз эмэт школинтернатыр фІы дыдэу къиухат. Абы къыкІэлъыкІуащ ущІэтІысхьэну егъэлеяуэ гугъу, конкурсышхуэ зэдэщІы еджапІэр - Маргелов В. Ф. и цІэр зэрихьэу Рязань дат хьэуа-десант команднэ училищэ нэхъыщхьэр.

ЩІалэр псынщІэу хэзэгъащ зыхьхьа гупым, и ныбжьэгъуэхэм, егъэджакІуэхэм, командирхэм фІыуэ закъриІэнэхъуащ. Зы ильэсым (2017) кІэрибыдэу фІыуэ зэреджэм, дзэ къулыкъум я къыззэрыхэжанымкІым папщІэ Аз эмэт тІэунэфІэ къратащ еджапІэ нэхъыщхьэм и щІыхь тхьилъэр. 2018 гъэм абы къыхуагъэфащащ Текіуэнэ-гъэм и махуэм Москва и Утыку ПлъыжьыщІ щекІуэкІыну парадым хэтыну, абы теуху щІыхь дамыгъэр.

2021 гъэм Гъэутыж Аз эмэт диплом плъыжькІэ къиухащ еджапІэ нэхъыщхьэр, лейтенант цІэри къыфІащащ. Абы иужькІэ кІэщІу лейтенант щІалэр дзэ къулыкъур щриІэхькІыну Новороссийск ягъэкІуащ.

ФІыуэ еджа ныбжьыщІэр гугъу демыхьу ecaщ зыпэрыуа Іэнатіэм. Адэ-анэми я гур нэхъ зэгъат, Аз эмэт щІэх-щІэныуэ къэпсалъэт, пІалъэ гуэр къыхудэкІамэ, хуэхьэсыжыр адэ-анэр, и благъэ-Іыхьлыхэр иІыгъуат. Иджы Марьянэрэ Мурат я хуэпсапІэр зыт - щІалэр унагъуэу гъэтІысыжьыныт. Ауэ уэ уи гугъэм хуэдэу Іуэхур хъуэ щыгтамэ... 2022 гъэм и мазае мазэм и кІэм Украинэм щыщІидзащ зауэ операцэ щхьэхуэм.

Аз эмэт лэжьыгъэм зэрыпэрыувэрэ зы илъэс ирикъуатэкъым, хуитт къэнэну. Ауэ адыгэ щІалэм и напэ хутегъэхуакъым. Хэкур къыщедджэм къикІэутэкъыну е зитэпщІыкІыну. Ар ящІыщу ягъэ Украинэм кІаухэм. Аз эмэт и ужь иту зауэр щекІуэкІ щІыпІэм ирадджащ Мурат...

Адэмрэ къуэмрэ зэрыльэгъуртэкъым. Аз эмэт зыхэтыр гуп щхьэхуэти, пыщІэныгъэ льэпкъ хуаІэ хъуртэкъым, Мурат ззззмызэ къэпсалъэрт. Мазищым нэблагъэкІэ и къуэм и щхьэгъэ анэм ящІакъыи. Дэ тІыгъурт Марьянэ и псэм телъ бэлъхьыр зихуэдизыр, зыщІыпІэкІэ «цырхь» кІыиуКІамэ, абыкІэ даІуэ зэпыту, и псэр дзапэкІэ зэрихьэу псэурт. Сэри си лэжьыгъэм сельэуат Марьянэ и кафедрэм щІэсу зауэ хъыбар ямыщІыну. Апхуэдэу екІуэкІыурэ я контрактхэм я пІалъэр къэсаУэ яхъуэж языныкъуэ зауэлІэм Новороссийск къагъэзэжу хуежащ. Абыхэм ящІащ зым Марьянэ телефонымкІэ къыхуитхащ: «Гъэутыж Аз эмэт псэущ, узынІэщ, хуэпащ, и ныбэ ягъэныкъуэркъым». Дуней гуфІэгъуэ иІэу Марьянэ къыІэрыхьа хьыбар кІэщІ цІыкІур и хьыжІэкъэн, дэрэ дигъэгуфІащ. ИужькІэ Аз эмэт и Іуэху зытетыр щІэх-щІэныуэ анэм къыщІэрыхьэ хъуащ, телефонкІэ адэмрэ къуэмри зыІэзэпащІащ.

Апхуэдэ хъыбар гуфІэгъуэт Аз эмэт лейтенант нэхъыжь цІэр къызэрыфІащар. Абы къыкІэлъыкІуащ «Хахуагъэм папщІэ» медалыр, гвардием и лейтенант нэхъыжь цІэр. Зи ныбжьыр илъэс 24-рэ мыхъуа адыгэ щІалэр 3-нэ парашют-десант ротэм и командирым и къуэдзэу ягъэуващ. Мазэ хуэдиз дэкІри, Аз эмэт дзэ къулыкъумкІи драгъэкІуэтещ: ягъэщІыкІэ 3-нэ парашют-десант батальоным и командирым и къуэдзэу, ИужькІэ ВагъуэПлъыжь орденэзыхьэ 108-нэ Кубань къэзакъ гвардейскэ десант-егъгъэрыкІуэ полкым и командирым и къуэдзэ къулыкъуэр къыхуагъэфэщащ.

Мази 8-кІэ зэуапІэ Іэнатіэм парыта щІалэр пІалъэ кІэщІ-кІэ къауТІыпщыжри, я деж къэкІуэжат. Ауэ пІащІэрт игъэзэжьну, зэрысыри зытепсэльыкьри къигъэна и ныбжьэгъуэхэрт. ЖиІэрт езым нэхъыжь зэрахэмытыр, и унафэм ахэр къаззэрыхуэныкъуэуэ. И анэми щхьэу къыжриІат «ЛІыхъужьныгъэ орденыр къратыну командованием тхьилъ зэрагъэхьэзырар.

Ещанэ теплъэгъуэ. 2023 гъэм щІышылэ мазэм и 23-т. Дунейр уфат, уафэр кьеГъыхьырт. Гъэутыжхэ Аз эмэт и жэнэзыщІым хэтыну къызэхуэсахэр пщІантІэм дзхуэртэкъым, уэрамри яуфэбгъуат. Абыхэм яхэтт къэрал унафэщІхэрэ, зауэлІхэри, Аз эмэт дзэ къулыкъур щриихьэкІа Новороссийск къикІа ЛІыкІуэхэри. ЖэнэзыщІым хэтхэм яІуатэрт щІалэ лІыхъужьхьи и кІуэдыкІам теухуа хъыбар кІапэльапэхэр. ЗэрыжаІэжьмкІэ, ар тІасхъэщІэх кІуат, гуп и ГъусэУ. Губгъуэм кІуэцІрыкІри, псы Іуфэм нэсауэ зыгуэр зыхэкІиящ: «ПІагъыМ» - жиІэІри. Аз эмэт псынщІэу унафэ яхуищІащ зырызурэ къызэрыкІуа лъагъуэмкІэ, зым и лъэмбым адрейр ивэурэ икІуэтыжьнхэу. Унафэр псынщІэу ягъэзэщІащ, шынагъуэм зауэлІхэр хьэришащ, ауэ езыр ажалым тетт...

Новороссийск къикІа дзэ къулыкъущІэм Аз эмэт теуху-ауэ фІы куэд жиІэрт, «ЛІыхъужьныгъэ» орденри пхъунатэ щІыкІэм къыдихауэ щІалэм и адэ-анэм яхуищІащ. Зыри зыхэзыныкъуэ щІэж анэр щытт, абы и щІыбагъ къыдэтт гуауэм зэблІиІуэнтІыкІа адэр, ауэ Аз эмэт ягъэсэжтэкъым. Дунейр къеГъыхьырт... Псори насыпныкъуэт - гъатхэпэм и 15-м Аз эмэт и ныбжьыр илъэс 24-рэ ирикъуну арат...

«Ей, дунеижьурэ зи лъабжьэр мыф!» - жиІэташ адыгэ усакІуэ щІэрыІуэ ПащІэ Бэчмырзэ. Ти ЗыфэщІэ усакІуэм абыкІэ жиІэну зыхуеор, ар куэду къыбгурыІуэ хъунуц. Ауэ мы псалъэхэр пэжмэ, дэнэ зэдэщІэр гугъапІэр?!

... Иджы куэд мыщІауэ Марьянэ и сайтым къыфІохьауэ слъэгъуащ мы псалъэхэр: «Къыхьхь, ди щІалэ цІыкІу, щІэх-щІэныуэ уи адэ-анэм я пщІыхьым...»

ТІЫМЫЖЬ Хьэмыщэ,
филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и адыгэ кафедрэм и унафэщІ, профессор.

Щ1эблэм я ущиякІуэ

● Щапхъэ

Егъэджакіуэныр ар къыбгъэ къудейхьым - ар къыбдалъхуауэ уи лъым хэту щытын хуей Іэщ1агъэщ, А Іэнатіэ мытынышм гурэ псэкІэ бгъэдэтыф ди егъэджакІуэхэм, щІэблэм я ущиякІуэ пажэхэм ящІыщщ Балъкъэр Маритэ Хьэсэнбий и пхъур. ФІыуэ илъагъу Іэщ1агъэм ирилэжьэн зэрыщідзэрэ зэи къэхъуакъым ар къызэрыхихам щыхущІегъуэжа, и къалэнхэр щІыхьрэ пщІэрэ иІэу щызэфІимыха.

ИЛЪЭС 50-м нэсащ Балъкъэр МариТэ егъэджакІуэу япэу сабийхэм я пащхьэ зэриувэрэ. 1974 гъэм абы лэжьэн щыщІидзащ Лэскэн щІынальэм хьихьэ Хьэтуей жылэм дзт курыт школым. Илъэс зыбжанэкІэ абы щІыІэуэ, лэжьыгъэми зыхэт гупми хэзэгъащ, егъэджакІуэ ІэкъуэлъакІуэр ягъэкІуащ апхуэдэ Іэщ1агъэлі зыхуримыкъу Іуэхущ1апІэм: Ероксэ Іуэхуэмэ дзт курыт школым. Абы лъандэрэ илъэс 45-рэ хуІащ, Маритэ а жылэм щолажьэ, зыпэрыт Іэнатіэм и гуи, и пси ирихьэлІэу, жылэм къыдэхъуэ щІэблэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ яригъэдж.

- ГупсысэкІэ тэмэм, щытыкІэ дахэ зиІэ, балигъ гъащІэм хичэ япэ льэбакъуэр махуэ зыхуэхъун ныбжьыщІэ бгъэсэныр къалэнышхуэщ. Адэ-анэм хуэдэ дыдэу, егъэджакІуэхэри хуэбжьу доплаІэ ди нэхъыжьыфІхэм яхуэфащэ нэхъыщІэ къаззэрытщІэувэным. «Гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ», - жеІэ адыгэ псалъэхэм. Дыщэ жыг бгъэкІыну тынш хьэмэрэ гугъу? Апхуэдэщ сабий бгъэсэнри. АтІэми а лэжьыгъэр къызэхъулІэ лъэпкъэр, цІыкІуэр щогуфІыкІыж а «дыщэ жыгым» къит хьерым, абы ирогушхэу икІи ироПагъ лъэпкъри къэралри, - жеІэ зыпэрыт Іэнатіэм теухуауэ егъэджакІуэм. - ГъэсэныгъэфІыкІи и лъабжьэ быдзр зи щэным хэль сабийм щІэныгъэ куу бгъэдэлпъхьэныр тыншщ, гур хэзыгъахъуэщ, псэр зыуэщІщ. Абы хуэщІащ иджырей егъэджакІуэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэм щызекІуэ Іуэху бгъэдыхьэкІэщІэхэри. ЕгъэджэныгъэмкІэ федеральнэ къэрал мардэм (ФГОС) школ лэжьакІуэхэм къахуигъэщІ кьалэнхэм ятещІыхьауэ къыхьыдогъэпэщ ди дэтхэнэ дерсри, ахэр щІэщыгъуэ, щІэ гуэрэр зыхэт зэрытщІыным дихуущІокъу.

А лэжьакІэфІым тету, Мариитэ ергъэпс и дэтхэнэ дерсри. Абы и дежкІэ нэхъыщхьэр ныбжьыщІэм и анэдэлъхубзэр фІыуэ егъэлъагъэныщ, абы и Іэфіагьыр зыхиущІэу и гупсысэхэр абыкІэ къригъэІуэтэныщ. А мурадыр къехъулІэн папщІэ, Балъкъэрым Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къегъэсэбэп, урокхэр щІэщыгъуэу еухуэ. ЕгъэджакІуэм мыхьэнэшхуэ ирет дэтхэнэ сабийри лэжьыгъэм къыхэша хъуным.

- «Зыгъэ жызыІэм зыгуэри ещІэ», - жыхуиІэр аращи, псалъэм гупсысэр къешэ, зэхэша хъуа псалъэм гупсысэ иІэ мэхъу. Гупсысэр зыбгъэдэлпъхьа еджакІуэм и зэхэщІыкІым нэмыщІ, бзэми зеужь, - пещэ егъэджакІуэм и псалъэм.

Мариитэ, анэм хуэдэу, сабий къэс зыгуэркІэ дихьэхыу, хуэсакъыу щІэныгъэ зэрыбгъэдилъхьэныр яужь итщ. Адыгэбзэр фІыуэ яригъэлъагъуэрэ, егъэджакІуэм хуэдфІокІ абыхэм хабзэр зыхригъэлъхьэн, пІэлъэкъ тхыдэм щигъэзэн. А Іуэхугуэхэм хуэгъэпсауэ абы къызэригъэпэщ «Адыгэбзэр мэбзэрабзэ», «ПІэлъхьэм и псэр и бзэрщ», «Фащэм я нэхъ дахэр нэмысщ», «ЩІыкъхьащ адыгэр дунеижьым» уроК хэІуэхахэр, зэпеуэхэр, викторинэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Сабийхэм зэрадзлажьэм хуэдэу, сакъвыу, набдзэгубдзаплъэу Балъкъэрыр ядолажьэ абыхэм я адэ-анэхэмк. Ар абыхэм ягу дыхьэ егъэджакІуэ ІэкъуэлъакІуэщ икІи ущиякІуэщ, цІыкІу щхьпкъэщ, зэпІэзэрыпщ. Зи Іэщ1агъэр фІыуэ зыльъагъу, Іэдэбагъ зыхэлъ егъэджакІуэ Іэзэм, сабийхэм къаззэрыгуры-



Іуэнкіэ, чэнджэщ дахэкІэ, ущие зыщІэкІэ щІэныгъэ нэс яБгъэдельхьэф. Апхуэдэ лэжьыгъэФІым хэр кьетыж: Мариитэ иригъаджэжэр жыджэру хэтщ школым щекІуэкІ гъащІэм, районым, республикэм анэдэлъхубзэмкІэ къыщыззрагъэпэщ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм, Хьэтіохъущокъуэ Къазий и цІэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэкІуэкІ лэжьыгъэхэми жыджэру зыкъыщагъэльагъуэ а ныбжьыщІэхэм, увыпІэ нэхъыщхьэхэр къыщацхьу.

Зыпэрыт Іэнатіэм зигури зи псэри ета лэжьакІуэм и льэужьым ирикІуахэри мащІэкъым. Мариитэ егъэджакІуэ Іэщ1агъэм дригъэхьэауэ, абы хуеджауэ республикэм и школхэм мы зэманым адыгэбзэмрэ литературэмрэ щрагъэдж цІыху зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ Мариитэ инхъу нэхъыжь Лани. ЕгъэджакІуэм зэрыжиІэмкІэ, ари уи лэжьыгъэм адэкІи утезыгъэшхуэ, уи лъэр жан зыщІ ІэхъуГъуэхэм ящыщщ.

И лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкІэ мардэхэмкІэ, Іэщ1агъэм хэлъ щэхуэмкІэ егъэджакІуэ ІэкъуэлъакІуэр фІэфІу ядогуашэ Іэнатіэм пэрыхьагъащІэхэм. Абы иригъэкІуэкІ урок зэІуэхэр гукъинэжщ, класс щІыб лэжьыгъэхэр купщІафІэщ, и чэнджэщэмрэ ущиехэмрэ акъыл зыхэлъщ. Мариитэ и лэжьыгъэхэр мызэ-мытІэу утыку къыщрахьащІыналъэм щагъэкІуэкІ хабзэ «Методикэ чэнджэщ» зыфІІащІа зэпеуэм, увыпІэфІхэри къыщихьащ. Езыми и нэІэм щІэт ныбжьыщІэхэми зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэхэм къапэкІуащ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъэхэм къабгъэдэкІ щытхъу, фІыщІэ тхьилъэр, саугъэт гъапІэхэр.

Балъкъэрыр илъэсипщІым щІигъэкІэ щытащ школ унафэщІым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и къуэдзэу. Абдежми абы зыкъыщигъэпэщащ лэжьыгъэм хуэІэжькІэ, жэуапльныгъэр зыхэзыщІэ цІыхуу.

Зыпэрыт Іэнатіэми жылагъуэми пщІэшхуэ щызиІэ бзылъхугъэ щыпкъэм дохъуэхъу ядэкІи лэжьыгъэм ехъулІэныгъэхэр щызыІэригъэхьэну, и щхьэгъуэ Аслъэмырзэрэ зэкІэрымыуэ, я бынищым я гуфІэгъуэ, насып яльагъуэу, узынІэщу куэдрэ зэдэпсэуну. Зи бзэр зи псэу къэзыпытыну дунейм тет адыгэ бзылъхугъэм и мурад псори Тхьэм къыхуэпищІ!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Ухуэныгъэщ1эхэм пэрохьэ

Гъатхэпэм и 31-м Іуащхьэмахуэ щызэхуашэсынщ хьэщІэщхэр ухуэным мылъку хэзыльхьэну мурад пыухыкІахэр зиІэхэр. Абы и къызэгъэпэщакІуэр Кавказ.РФ Іуэхущ1апІэрэщ. Хьэрычэтщ1эхэр Іуэхум хагъэгъуэзэнщ, апхуэдэуи зыгъэпсэхупІэ щІыпІэр ирагъэлъэгъунущ.

ЗИ гугъу ящІынур «Азау» хуэйм хуэзэ гектари 6,89-рэ 16,97-рэ хъу щы Іыхьэхэрщ. Ящ1 проектым хьащІэщу ухуэныгъи 4 къызэщІиубыдэнщ, цІыху 1170-м тещІыхьауэ. ЕтІуанэ щІы Іыхьэм спорт Іуэхущ1апІэ щаухуэну я мурадщ. Абы хэтынущ къырым дэкІыным зыщыкъуагъэхьэзыр центр, цІыху 1580-м тещІыхьа парк-отелрэ цІыху 500 зыщІэхуэну апарт-отелрэ. Къищынэмыщ1ауэ, а Іуэхум ипкъ иткІэ Бахьсэн псыежэх Іуфэр зэІуэзэнщ ящІынущ.

ЗыгъэпсэхупІэхэм зи хьэрычэт Іуэху щызыщІэнухэм я бзджэндыпщІэхэр езэгъафбгъуэ щытынущ. Псом хуэмыдэу я хэхъуэм техьэ налогыр нэхъ мащІэ дыдэу, щІы, мылъку налогэраращи, иэхъэ 5-10-кІэ паубыдынукъым. Къищынэмыщ1ауэ, инвесторхэм Іэмал яІэнущ щІы-пІэхэр льэтэкІэ бджэнду къащтэну, инженер Іуэхуэхэр пщІэнущэу пащІэну.

Абы хэтын папщІэ, зэрызыхуагъазэ тхыгъэхэр ирагъэхьын хуейщ і.adzhiev@ncrc.ru пощтым е +7 (495) 775 91 22 телефонымкІэ псэлъэн хуейщ.

КъыхэгъэщІапхъэщ, «Іуащхьэмахуэ» экономикэ щІыпІэ хэхар 2011 гъэм къызэрызэрагъэпэщащ, абы хеубыдэ «Эльбрус» бгы зыгъэпсэхупІэр. 2022 гъэм абы зыгъэпсэхуакІуэ мин 560-м щІигъу къэкІуащ, дызэрыт илъэсым и щІышылэ-мазае мазэхэм - цІыху мини 150-м щигъу. Ар процент 12-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ апхуэдэ и пІалъэм ебгъапщэмэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

Дунейм щыхъыбархэр

Заводым и зэфІэкІым хохъуэ

УФ-м и Президент Путин Владимир щыІащ Улан-Удэ дэт авиацэ заводым, абы и Іуэху зыІутми зыщигъэгъуэзащ, лэжьакІуэхэми яІущІащ.

«УЛАН-УДЭ и авиацэ заводыр жыжьуІэтэ зэпсыхьрыпхъэныжкІэ урысей промышленностым щыпрыгъ. Абы къыхэкІыуи Урысейм текІуэныгъэр зыІэригъэхьэныжкІэ заводым кьалэнышхуэ егъэзащІэ, - жиІащ Путин Владимир зэрыхьэкІуэм щІэпсалъэм. - Нобэ абы къыщІигъэкІ машинэхэм дуней псом щІэупщІэ щаІэщ. ЗыхъумэжьныгъэмкІэ Іэнатіэм и мызакъуэуи, къызэрыгъэкІ гъащІэми къыщІэсыжьащ. Іуащхьэмахуэ зыгъэхьэзыр заводым и лэжьыгъэр зэпэщу зыгъэзэгъэнкІэ, абы къиГъэсэбэп пкъыгъуэхэмрэ Іэмэпсымэхэр кудкІэ егъэфІакІуэ зэрыхэлъар уэсакІэ щІэныгъэ зэрыхьэрщ. 1939 гъэ и льэндзрэ лажьэ заводым и зэфІэкІым хэхъуэ зэпытщ, езым и хабзэ дахэхэри иІэжщ. ЗызрипщІыт сыт хуэдэ Іуэхури кьохъуІэ: авиацэ техникэм щыщу мыбы щамыууэ щыхъэкІуэ уэсакІэ щІэныгъэ кхъухьлъатэхэрэ хъыжьлъатэхэрэ хэтыжу. Къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ1апІэ лъэрызехьэм и лэжьыгъэм фІы гуащІэ зэрыхэфІтхъэжкІэ сынывохъуэхьу, дэтхэнэ зым ягъэзащІэ къэралым къэралым дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІощ».

Улан-Удэ зэт авиацэ заводыр «Урысейм и ежьхьуІатэхэр» холдингым хохьэ. Иджырей технологиехэмкІэ къызэгъэпэща заводым нобэ хуэфІокІ льэтэнын хуэщІа транспорт лІэужьыгъуэщІэхэр псынщІэу игъэхьэзырыну. Заводыр зэрылажьэ илъэс 80-м къыриубыдэу абы техникэ зэмылІэужьыгъуэ мини 8,5-м щІигъу къыщІигъэкІащ.

Щхьэхуитныгъэр фІокІуэдэ

Европэм мызэ-мытІэу къыщыІуащ Европоюзым и унафэщІхэм Вашингтон и жьІэхэр емыгупсасуэ зэрагъэзащІэкІэ зэрымыгрэзым теуху псалъэмакъэр. Абыхэм къыхощ а унафэ мыщхьэпэхэр езыхэм я щыІэкІэ-псэукІэм куэдкІэ эрам зэрыхуэхъуэ.

ЕВРОПЭМ хыхьэ къэралхэр кьапщтэмэ, украинэ зэныкъуэкъуэ кьыззрежьэрэ, сыт хуэдэу къытрамыкьыжьауами, Урысейм кьыпэщІэту я политикэр зэрырамыгъэкІуэжьныным хущІокъу Сербиемрэ Венгриемрэ.

Европоюзым Урысейм кьыхуиІэ щытыкІэм и епльыкІэр зэрытемыхьэмкІэ цІэрыІуэ хъуа, Венгриеми и премьер-минист

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Псори зэпилъытат...

Дунейр къыззрыунэхурэ хьэжьвакъэжьышхэмэ дыгъуакІуэхэмрэ зэхэзехуэн ящІ. Зэм нэхъ ткІийуэ, зэми нэхъ щабэу. 1825 гъэм къыщыщІэдзауэ а лІэщІыгъуэм и зэхуэдитІым фІэкІыху тетыгъуэр зыныГа Николай Езанэр япэрейхэм ящьщт, хуабжьу зигъэгъащІэрт. «Іулъхьэ» псальэм къызэІитъхъэрти, ар зэхимыхьын щхьэкІэ имыщІэн щыІэтэкъым. Уеблэмэ а мыгъуагъэм дихьэхауэ къыщищІэм суд зыщІэхэм я улахуэхэр хуэдищІкІэ къиІэтащ, «сэ фэ сыфхуриІкъунщ!» жиІэри. Арщхьэкіэ илъэси дэкІатэкъым къыІах Іулъхьэхэр а судыщІэ дыдэхэм апхуэдизкІэ щыдрагъэкІуеям. Пльэкімэ, узэгуэмыуд! Ауэ дэ зи гугъу тщІынур нэгъуэщІ.

...1853 гъэм и мазае пщэдджыжьым Петербург и Николь тенджызь тхъэ елъэІупІэм иужьрей гъэгуэгуэ трагъэхьэну щагъэхьэзырыр зэкъэзэгъ лІа къулыкъущІэхуэ-чанджэщэгъу икІи камергер Политковский Александр. Абы и бэн зэщІэдыІуэр лъагапІэм тетт орденхэмрэ медалхэмрэ, нэгъуэщІ дамыгъэхэр зыхэлъ къэдабэ щхьэнтэ щыкІуэр фІэдзауэ. Нэщхъеягъуэ Іуэхухэм хэтыну къыззхуэсырт и лэжьэгъуэхэр, ныбжьэгъуэжэрэгъуэхэр, къэзыцІыхуу щытахэр. КъыззэрыщІыхьэу, абыхэм ящыщ зым жиІаш:

- Сыту губзыгъэу къыщІэкІа Гаврильч! Дибгынэну нэхъ къыщІэзэгъ дыдэр къищІащ! Дэращ хильэфынур!

Дыхьэшхащ, ауэ адрейхэм дАІыгъакъым. Хэбгъэзыхьмэ, яшхыным хуэдэу губжьауэ елпІащ. Апхуэдэт ар зыхужаІэр?! ИгъащІэ псор триухуат фэбжь зытелъхэм защІигъэкъуэным, и лэжьыгъэкІэ щытхъу фІэкІа зы губгъэни зи кьихьатэкъым. ПщІэрэ щыхьэрэ иІэу псэуат. Апхуэдэ абы елпІэс хъурэ?

Арщхьэкіэ зыпэмыплъа къхъуащ. Мыгувэу полицей гуп унэм къыщІэззрыгъэри, щІэтэхэр щІахуащ. Бэн гъэщІэрэщІам къыдахри, хьэдрэм фащэ дахьэр щахащ, къыззрыгуКІ щытыкІэм щатІагъэри, зи тепІэр гъущІ Іунэшхуэкіэ гъэбыда бэн фэншэ гуэрым дэлъу ирагъэшащ къалэ гъунэм щыІэ члисэ щыкІуэм.

Петербург игъэгубжьат полицейхэм зэрахьа хабзэнщагъэм. Куэдыр гъырт, тхьэншэхэм ебгыуэ. Цыхьухэр нэхъри къызэщІэпльащ «Русский инвалид» газетым Политковскэм теухуа некролог тридзэн щыхьащ, къыззрыгуКІ щытыкІэм щатІагъэри, зи тепІэр гъущІ Іунэшхуэкіэ гъэбыда бэн фэншэ гуэрым дэлъу ирагъэшащ къалэ гъунэм щыІэ члисэ щыкІуэм.

Петербург игъэгубжьат полицейхэм зэрахьа хабзэнщагъэм. Куэдыр гъырт, тхьэншэхэм ебгыуэ. Цыхьухэр нэхъри къызэщІэпльащ «Русский инвалид» газетым Политковскэм теухуа некролог тридзэн щыхьащ, къыззрыгуКІ щытыкІэм щатІагъэри, зи тепІэр гъущІ Іунэшхуэкіэ гъэбыда бэн фэншэ гуэрым дэлъу ирагъэшащ къалэ гъунэм щыІэ члисэ щыкІуэм.

Арщхьэкіэ зыпэмыплъа къхъуащ. Мыгувэу полицей гуп унэм къыщІэззрыгуэри, щІэтэхэр щІахуащ. Бэн гъэщІэрэщІам къыдахри, хьэдрэм фащэ дахьэр щахащ, къыззрыгуКІ щытыкІэм щатІагъэри, зи тепІэр гъущІ Іунэшхуэкіэ гъэбыда бэн фэншэ гуэрым дэлъу ирагъэшащ къалэ гъунэм щыІэ члисэ щыкІуэм.

Петербург игъэгубжьат полицейхэм зэрахьа хабзэнщагъэм. Куэдыр гъырт, тхьэншэхэм ебгыуэ. Цыхьухэр нэхъри къызэщІэпльащ «Русский инвалид» газетым Политковскэм теухуа некролог тридзэн щыхь

● Щэнхабзэ

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Усыгъэр зыхащIэу

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм щеIуэкIащ Тхыльеджэхэм я зэгуэхьэныгъэм илъэс къэс кьыззэригъэпэщ «Уди псалъэр кьызэрыльужьыр» республикэ зэпеуэм и «Художественнэ псалъэ» Iыхьэр. Ар ткаIуэ-усакIуэзэу Тхьэзэплъ Хьэсэн, Чипчиков Борис, Ярополький Георгий сымэ я фэеплъу щытащ, апхуэдэуи, мы гъэм зи ныбжьыкIэ бжыгъэ дахэ ирикъу Джэдгъэф Борисрэ Додуев Аскэррэ я усэхэми траухуащ.

МЫ IУЭХУР кьызэзыгъэпэщахэм я мурадыр сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ республикэм и тхакIуэ, усакIуэ пажэхэм я тхыгъэхэм дегъэхьэхьыныр, литературэр фIыуэ егъэлъагъуныр, усыгъэм и фIыпIэр кьегъэщIэнырэ, бзэхэр гъэлэжьынырэ аращ. Зэпеуэм хэтащ ныбжьыщIэ 65-рэ. Ахэр усэ е тхыгъэ пычыгъуэхэм кьеджащ адыгэбзэкIи, балъкъарыбзэкIи, урысыбзэкIи. НыбжьыкIэ гупищу гуэшауэ щытащ: нэхъыщIэхэр, курытхэр, нэхъыжьхэр.

- Ди гуапэщ илъэс кьэс ди зэпеуэм хьыхьхьэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр. Бжыгъэм хэхъуэ кьудей мыхъуу, сабийхэм псалъэм и къарур кьаззэрыгурыIуэр, я усэ кьеджэкIэр, утыку итыкIэр ефIэкIуащ. Диэщ илъэс кьэс зэпеуэм хэтхэр, нэхъыщIэ дыдэхэм я деж кьыщыщIадзэу нэхъ балигъхэм я зэпеуэм нэсаужэ. Нобэ екIуэкI кIэух зэпеуэм хэт цIыху 65-р ахэтхащ гупыж зыщIа цIыхуи 140-м. ЦIыкIуэхэм я зэфIэкIым кIэлъыплъ къэпщытакIуэ гупым я пщэ кьыдохуэ кьалэныштхуэ. Сыту жыпIэмэ, тыншкъым ди сабийхэм фIым я фIыжыр кьахэпхыну! - жиIащ Iуэхум и кьызэгъэпэщакIуэ, КъБР-м и ТхыльеджэкIэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Наталье.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Беппаев МутIалип, КъБР-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ усакIуэ, Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэт Додуев Аскэр, «Солнышко» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Щомахуэ Дарье, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Гугъуэт Заремэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент Мазуренкэ Маринэ, «Горянка» газетым и журналист Шэрдан Лилианэ сымэ. Абыхэм кьапщытащ сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ гъэхуауэ зэ кьызэреджэр, я бзэм и кьабзагъыр, утыкум зэритыр, кьызэджэм халъхь щIэщыгъуагъыр. Тхьэзэплъ Хьэсэн, Ярополький Георгий сымэ я унагъуэхэм уэсэ кьеджа ныбжьыщIэхэм усакIуэхэм я тхылъ иратащ.

Нэхъыщ1э дыдэхэм я зэпеуэм бжьыпIэр щиубыдащ Бэрэгъун Заур. Бауаев Амин - етIуанэ, Кудаев Кямран - ещанэ хъуащ. Тхьэзэплъ Хьэсэн и унагъуэм кьыбгъдэкIыу тыгъэ хуагъэфэщащ Бэший Саидэ. Курытхэм я зэпеуэм ялъ увыпIэр кьыщахьащ Темукуевэ Джамилэрэ Шапошниковэ Аннэрэ. ЕтIуанэ хъуахэщ Жемгуравэ Евэ, Радостевэ Варварэ, Хьэжь Илинэ, Узденовэ Азизэ сымэ. Ещанэр ялъысащ Гемуевэ Надия, Къущхьэ Надар, Жыгун Iэлисэхъ, Теппеевэ Даринэ сымэ. Нэхъыжьхэм я деж текIуэныгъэ кьыщыхьащ Ныбжьэ Малик. ЕтIуанэр ялъысащ Бэгъуэгъ Амелиерэ Кудаев Муратрэ. Ещанэ хъуащ Хьэтхъут Азнаур. Бзэр зэригъэшэрыуэм, утыкум зэритым елъытауэ кьахэжаныкIахэмэ тыгъэ щхьэхуэгъэ хуащIащ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

Зэрызэпагъэуам хуэдэу щIадзэж

● Футбол

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Легион» (Мэхъэчкъалэ) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. Гъатхэпэм и 11-м. ЦIыху 250-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Шипков (Белореченск), Охрименкэ (Мейкъуапэ), Габагков (Владикавказ).

«**Спартак-Налшык**»: Сиукаев, Ольмезов, Далиев, Мэкъуауэ, Молэмуэ, Лы-хьгу (ХьутIэ, 52), Ашуев (Лпуп, 69), Топурие, Жангуразов (ХьэцIыкIу, 68), Торосян (Масленников, 52), Дэхъу (КъумыкIу И., 78).

«**Легион**»: Шиханматов, Исаев Р., Исмаилов, Абулашов (Гамзатов, 65), Битаров (Исаев М., 79), Курбанов (Джабраилов, 79), Панаев, Ипаев, Мохбалиев, Вагабов (Пухаев, 70), Абдокъуэ.

Сурэтыр **Уэлджыр Артур** *трихащ.*

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Iпэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм щэбэт кIуам Налшык щыщIидзащ. Мазилпам нэбгырабгъащ ар зэрызэпагъэурэ икIи командхэм Iэмали зэмани яIащ иджыри къэс къакIуа гъэугуанэм хэплъэжу адэкIэ я Iуэхур нэхъыфI зэрыхъунур яубзыхуну. Еблана увыпIэм щыту зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм хьыха «Спартак-Налшык» и деж кIэлъ нэхъыщхьэр, кьэнэжа джэгугъуи 8-м иджыри зы увыпIэкIэ хъыкIыуи зыкъыдриIэтежу, зыхэт гупым щынэхъыфIхэм яхэту пэщIэдзэ Iыхьэр иригъэухынырт. Пэжщ, ар яхэхуэнукъым ялъ лигэм щIэбэнын папщIэ бжьыпэм щIэбэнхэм, ауэ командэ нэхъ лъэщхэм адэкIэ зэрыдэджэгунри куэд и уасэт ди щIалэщIэхэр нэхъ псыхьа хъун папщIэ.

Шэч хэлъхьэм, дэтхэнэ зы зэпеуэми и егъэжьэкIэм зыкъом елъытащ. Ар кьызэхъулIэхэр нэхъ тогушхуэ, адрейхэм занщIэу я лъэ щыщIэжу щыIэщ. Зэхьэзэхуэр фIыуэ ирагъэжьэжьи папщIэ «Спартак-Налшыкым» Iэмалыфl дыдэ кьыхуокъуэкIат щэбэт кIуам. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм абы кьыщригъэблэгъат ялъ къеКIуэкIыгъуэм Мэхъэчкъалэ щыIэу 2:0-у зэфIэкIа икIи зэпеуэм щынэхъ лъэрымыкIхэм ящыщ Легион»-р. Еханэ увыпIэр нэхъ мыхъуми дуней псом и сыт хуэдэ утыкуи ахэр кьыщIихьэ зэрыхъунум, - жеIэ арджэныщI цIэрыIуэ Мэзло Руслан. - Скульптурэ теплъэхэр кьыптехьэлъэркъым, тыншщ. Сурэтыщ1ым и лэжьыгъэм фIыуэ зэрыхищIыкIым и нэщэнэщ ар. Клавиатурэ кнопкэрэ кIапсэрэщ кьыгъэсэбэпыр, ауэ а пэжьыгъэхэм гупсысэ куу ящIэлъщ. Апхуэдэ выставкэ щIэщыгъуэхэр ди кьалэм нэхъыбэу щагъэльагъуэмэ, насыпышхуэщ!

Закарьяев Закарья дагъыстэн художникщ. Ар Мэхъэчкъалэ щопсэу икIи щолажьэ. И лэжьыгъэхэр щахьумэ Урысейм, Китаймрэ, Тыркуэмрэ, Словакиемрэ, Боснием, Герцеговинэм, Азербайджанымрэ.

Гъэлъэгъэныгъэр Налшык кьалэм зегъэужьыныжьмкIэ «Платформа» институтым кьызэригъэпэщащ. Налшык кьалэ администрацэр и дэIэпыкъуэгъуэ. Выставкэр гъатхэпэм и кIэ пщIондэ екIуэкIынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Зэманым поджэж

КъБР-м и Къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ ягъэдахэу зэIуэпэщ ящIа утыкум къращIыхьа галереем щагъэльагъуэ дагъыстэн художник, скульптор Закарьяев Закарья и лэжьыгъэ 80-м нэблагъэ.

«Треш-Ток» зыфIаща выставкэм хагъэхьа лэжьыгъэхэр кьызэрымыкIуэу щIэщыгъуэщ. Художникым и Iэдакъэщ1экIэхэр дыз1эса гъуэзджэ лэжьыгъэхэм кьащхьащ1ызыгъэкIыр абы ди пащхьэм щигъэльагъуэ цIыхухэмрэ псэущхьэхэмрэ щищIым компьютер клавишэхэмрэ кIапсэхэмрэ кьызэригъэсэбэпарщ. Закарьяев Закарья «кьыджеIэ» иджырей цIыхухэр дунейпсо бджэжьым зэрызэщIищащ.

- Мы лэжьыгъэхэм илъэсищкIэ я ужь ситащ. Выставкэм щызгъэлъагъуэ си Iэдакъэщ1экIэхэмкIэ нэхъыщхьэу гу зылъыбзэгъэтэнгр бжыгъэхэм я зэманым цIыхухэмрэ абы я зэхуэцытыкIэхэмрэ ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэрщ, - жеIэ Закарья. - Скульптурэ, графикэ лэжьыгъэхэр пенопластрэ пеноплексKIэ сщIащ икIи ахэр компьютер клавишэхэмрэ кIапсэхэмкIэ «къэсщIыхьыжащ». Налшык кьалэм сыкъызэревгъэблагъар си гуапэщ. Гъэлъэгъэныгъэр кьызэзыгъэпэщахэмрэ абы кьеКIуэлIа-хэмрэ фIыщIэ фхузощI!

«Треш-Ток» Iуэхум хьыхьэ лэжьыгъэ 80-р щищIым сурэтыщIым клавиатурэ минрэ ныкъуэм щIигъу къигъэсэбэпащ. Бзэфхэ зэльагъуэмэ, апхуэдэ зы скульптурэм клавиатурэ 15 - 30 екъ. Дуней псом и щIыналъэхэм щыщхэр художникым клавиатурэкIэ кьызэрыуэупсам и Iуэхур кьыщигъэпсынщIащ.

Закарьяевым кьызэрилъытэмкIэ, дунейпсо бджэжьым зэщIищта цIыхухэр есэжауэ зэпэIэщIэу зэрызэпсалъэм кьыхэхьIыу, я ГъащIэр компьютер клавишэхэм кьыгуэхьипIэ имыIэу хъуащ. ЖыпIэнуракъэ, я акъылым, Iэпкълъэпкъым щыщ хъуащ. Апхуэдэми, ноутбукэр, компьютерхэр, компьютер клавишэхэр кIэрыхубжьэрыхуэхэм хэлъщ е шкафэм сабэ хьужауэ дэлъщ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, выставкэр зытращIыкIыжар дэращ, бжыгъэхэм я зэманым псэу цIыхухэрщ. ЗэрыщIэщи, социальнэ сайтхэм цIыхухэм зрагъэхъуэж. Художникым и лэжьыгъэхэр дызыщIэзыгъэгупсысыжщ, цIыхухэмрэ Iэмэпсымэхэмрэ зэрызэхущIыт и IэныкъуэкIэ.

- Выставкэм щагъэльагъуэ лэжьыгъэхэр гъэщIэгъуэныщащ, уеплъыукIэ щIэ гуэрхэр хэплъагъуэу, - жиIащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Црым Руслан.

- Лэжьыгъэхэр сигу дыхьащ, щIэщыгъуэщ! Нобэрей зэманым йокIу. Си лэжьыгъэкIэ щIыналъэ куэдым сыкIуэн хуей мэхъури, гу лъыстащ Лондон, Париж, Нью-Йорк жыпIэми, дуней псом и сыт хуэдэ утыкуи ахэр кьыщIихьэ зэрыхъунум, - жеIэ арджэныщI цIэрыIуэ Мэзло Руслан. - Скульптурэ теплъэхэр кьыптехьэлъэркъым, тыншщ. СурэтыщIым и лэжьыгъэм фIыуэ зэрыхищIыкIым и нэщэнэщ ар. Клавиатурэ кнопкэрэ кIапсэрэщ кьыгъэсэбэпыр, ауэ а пэжьыгъэхэм гупсысэ куу ящIэлъщ. Апхуэдэ выставкэ щIэщыгъуэхэр ди кьалэм нэхъыбэу щагъэльагъуэмэ, насыпышхуэщ!

Закарьяев Закарья дагъыстэн художникщ. Ар Мэхъэчкъалэ щопсэу икIи щолажьэ. И лэжьыгъэхэр щахьумэ Урысейм, Китаймрэ, Тыркуэмрэ, Словакиемрэ, Боснием, Герцеговинэм, Азербайджанымрэ.

Гъэлъэгъэныгъэр Налшык кьалэм зегъэужьыныжьмкIэ «Платформа» институтым кьызэригъэпэщащ. Налшык кьалэ администрацэр и дэIэпыкъуэгъуэ. Выставкэр гъатхэпэм и кIэ пщIондэ екIуэкIынущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Ажалыр щащэр къыджеIэ»

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъатхэпэм и 13-м щыщIидзащ «Ажалыр щащэр къыджеIэ» урысейпсо акцэм и ящэ Iыхьэм. Ар екIуэкIынущ гъатхэпэм и 24 пщIондэ.

IУЭХУР егъэкIуэкIыныжьмкIэ штабым и зэIущIэр, республикэ МВД-м, Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыIэм, Егъаджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ, Узыншагъэр хъуэмэныжьмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, ЩIалэгъуалэм и IуэхуэхэмкIэ, Гъэпкъ Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ министерствэм, апхуэдэуи я лIыкIуэхэр зыхьихьар, щекIуэкIащ КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэным кIэлъыплъныжьмкIэ и управленэм.

«Ажалыр щащэр къыджеIэ» урысейпсо акцэм и мурадыр хабзэм къемызэгъыу наркотикхэр зегъэкIуэным пэщIэтыным, медицинэм емыпхуауэ ар зэрызэпэныжьмкIэ профилактикэ Iуэхуэр егъэкIуэкIыным, мыхьэнэ зиIэ хъыбархэр псынщIэу зэхуэхьэсыным, щхъуэхьым иубыдахэм елэзэным икIи гъащIэ узыншэм хэшэжьым теухуа упщIэхэм жэуап зэпкърыха ятыныр, а Iуэху щхьэпэм жылагъуэр къыхэшэныр. КъызэгъэпэщакIуэхэр щогугъ цIыхуэр а Iуэхум жыджэру къыхьихьэну, абы екъэлIа дэтхэнэ хъыбарми мыхьэнэшхуэ иIэщи. Зэлущ1эм къызэрыщыхъэгъащ1эщ, мы профилактикэ лэжьыгъэм республикэм щыпсэуэхэм я деж нэхъри щIэщыбгъну.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УНК-м фигу къеГъэкIыж щыпсэуэхэм ятеуэху хъыбарыр акцэр щекIуэкI пIалъэм и мызакъуэу, сыт хуэдэ зэманмиебгъащIэ зэрыхъунур.

«**Дзыхь зрагъэз телефонхэр**»:

КъБР-м щыIэ МВД - (8662) 49-50-62; (8662) 40-49-10 (пIлъыр часть)

КъБР-м щыIэ Урысей ФСИН-м и Управленэ - (8662) 75-27-54; (8662) 77-93-89

КъБР-м ЕгъаджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэ - (8662) 42-05-79

КъБР-м Узыншагъэр хъуэмэныжьмкIэ и министерствэм и Наркологие диспансер - (8662) 44-17-83.

Дэтхэнэ хъыбарми ипэжыпIэр тэмэму зэхагъэкIынущ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Iэщэ зэрахьэну хуит ящIахэм папщIэ

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм лицензэ зыт - хуит зыщI и центрым щIыхькIэ зэхуэгъаза абы хуэмыха щыпIэхэм Iэщэхэр къыщамыгъэсэбэпыну.

ФИГУ къэдгъэкIыжьыныщи, апхуэдэ хабзэм ебакъуэхэм административнэ жэуап яхь Урысей Федерацэм и законодательствэм ипкъ иткIи.

Хабзэм къызэрыщыхьамкIэ, административнэ къуэдыуэ тралъхьэнкIэ мэхъу сом мин 40-м щыщIидзауэ мин 50-м нэс, Iэщэмрэ абы и пIатIронхэмрэ къытрахыу е Iэщэ къыщIэхуну икIи ихъумэну хуит ямыщIу, е Iэщэр ихъумэну икIи зэрихьэну хуит зэращIам илъэсрэ ныкъуэм щыщIидзауэ илъэсищкIэ къару имыIэжу къалъытэу, Iэщэмрэ абы и пIатIронхэмри къытрахыу.

Чэфу гупым е зы цIыхум ялэжьамэ, административнэ къуэдыуэ сом мин 50-м щыщIидзауэ мини 100-м нэс ирагъэпшын, ищхьэкIэ къызэрыщыхэдгъэщащи, Iэщэмрэ абы и пIатIронхэмрэ къытрахыу, е Iэщэ къыщIэхуну икIи ихъумэну хуит ямыщIу, е Iэщэр ихъумэну икIи зэрихьэну хуит зэращIам илъэсищкIэ къару имыIэжу къалъытэу, Iэщэмрэ абы и пIатIронхэмри къытрахыу.

Урысей гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Уахэ щIэншэм

ЩIым хуагъадэ планетэ

Дыгъэм къедза Iэхэлъэхэм зэрыпыIудза щымыIэу, и инагъкIэ ЩIым хуагъадэ уафэщI гъэщIэгъуэн астрономхэм, аргуэрыхэтэ, къахутащ.

УАХЭМ кIэлъыплъныжьмкIэ США-м и щыIэ НАСА Iуэхущ1апIэм и Iэщ1агъэлIэхэм, хьэршырыкIуэ спутникхэу «Кеплер», «TESS» зи фIэщыгъэхэм ярыт Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэпкIэрэ, нэхум зэрызидз псынщIагъэ и лъэныкъуэкIэ къздбжмэ, дызэгъэщIылIа Дыгъэм илъэс 70-кIэ пэжьжьэ щIыпIэм деж къыщахутащ, и инагъ-и хьэлъагъым тетщIыхьмэ, дызытепсэукI ЩIым хуагъадэ планетэ.

К2-415b нагъыщэр зрата уафэщIым и хьэлъагъыр, къызэрапщытамкIэ, я нэхъ мащIэр арауэ, ЩIым къиШэчым нэхъри зэщIэ 3-кIэ нэхъыбэщ.

Ди планетэр увыIэгъуэ имыIэу къэзыльэтыхь «Кеплер» кхъуафэм ирагъэувауэ щыта IэмэпсымэхэмкIэ мы зэманым ирихьэлIэу къахута экзопланетэхэм (гъащIэ здэщыIэнкIэ хъуну зыхуагъэфащэхэм) я бжыгъэр 2600-м щхьэдэхащ.

TESS-м и гугъу тщIымэ, абы и Iэмэпсымэхэр илъэс зыбжанэ хъуауэ кIэлъоплъ Дыгъэм зэрыпэжьжьэ щымыIэу къалъытта вагъуэ нэхъ зэщIэпэщIыпщIэхэм ящыщу мин 200-м нэблагъэм. Абыхэм я Iэхэлъахэм щыIэу НАСА-м и Iэщ1агъэлIэхэм кьахута уафэщIхэм я гугъу тщIымэ, ящыщ мини 3-м нэблагъэр, я нэхъ мащIэрауэ, экзопланетэу къаБжащ.

Къыхэдгъэщынщи, зи гугъу тщIы вагъуэ зэрыбыным щхьэхуэу кIэлъыплъащ Японием Гугъэ уэзыгъэщI къхуэтыгъэхэр щегъэкIуэкIыныжьмкIэ университет нэхъыщхьэу щыIэм щылажьэ астрономхэу Хирано Теруюки зи пашэхэр.

А щэнныгъэлIхэм щыхьэт техъуащ Америкэм TESS хъуарыкIуэ и кхъуафэм К2-415 вагъуэ щыкIужьыбэм деж гу зыщыпIытa К2 уафэщIым къызэрыщилъэтыхьым. Япон астрономхэми зэрыжаIэмкIэ, зи гугъу ящI планетэм и зэпрыупIэр ЩIы Хьурейм ейм нэхърэ хуэдэ 1,015-кIэщ зэрынэхъ ищхьэ, кьишэчри хуэдэ 3-кIэ нэхъыбэщ.

КъэралитIми я астрономхэм къызэрыхагъэщащи, зыкIэлъыплъа вагъуэхэмрэ абыхэм кьедза уафэщIхэмрэ, адрейхэм елъытауэ, дыщыпсэуэ зэрыпэмыжьжьэм къызэкIыу, къэхутэныгъэхэр зэман гъунэгъум кьриубыдэу нэхъри зыдегъэкIуэкIыпхъэщ.

КъУМАХУЭ Аслъэн.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыдж Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэныжьмкIэ Къзбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщIихьа бжыгъэхэм, кьыщ1эта Iуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху елъыткIэр зэтехуэ зэпыту щыткъыщIи.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.705
Заказыр №525

12+

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ упщIэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЖКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къудзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, **Елмэс ФатIимэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.